# QARAQALPAQLARDA BALA TÁRBIYASINA BAYLANISLI ÚRP-ÁDETLER

**Atamuratova Saltanat Joldasbaevna**
**Nókis qalası 21-sanlı mektep oqıtıwshısı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.22245075**

**Annotaciya.** Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikalıq miyrasında bala tárbiyası ayrıqsha orın iyeleydi. Xalıq kóp ásirlik turmıs tájiriybesi dawamında jas áwladtı adamgershilikke, miynetsúyiwshilikke, kishipeyillikke, úlkenlerdi húrmetlewge hám el-jurtqa sadıq bolıwǵa baǵdarlanǵan úrp-ádetlerdi qáliplestirgen. Bul maqalada bala tuwılǵan waqıttan baslap erjetkenge shekem orınlanatuǵın úrp-ádetlerdiń tárbiyalıq hám ruwxıy áhmiyeti analizlenedi. Sonday-aq, olardıń házirgi jámiyettegi ornı menen tárbiyalıq múmkinshilikleri kórip shıǵıladı.

**Tayanısh sózler:** qaraqalpaq, bala tárbiyası, úrp-ádet, dástúr, etnopedagogika, otbası, milliy qádiriyat, tárbiya.

Qaraqalpaq xalqınıń dúnyaqarasında bala shańaraqtıń ǵana emes, al pútkil áwladtıń dawamshısı, eldiń keleshegi retinde bahalanǵan. Sonlıqtan balanı tárbiyalaw máselesine hár dáwirde ayrıqsha itibar berilgen. Xalıq pedagogikası balanıń aqıl-oyın, minezin, den sawlıǵın hám ruwxıy dúnyasın birgelikte rawajlandırıwdı maqset etken. Ata-babalarımız «Bala jasınan», «Bala kórgenin qılar, usta bilgenin qılar» degen naqıllar arqalı tárbiyanıń bala ómirindegi eń áhmiyetli faktor ekenin kórsetken [1, 189-194].

At qoyıw qaraqalpaq xalqınıń eń bahalı úrp-ádetleriniń biri bolıp esaplanadı. At adamnıń ómir boyı júretuǵın belgisi bolǵanlıqtan, onı tańlawǵa úlken juwapkershilik penen qaralǵan. Balaǵa ata-babalarınıń atın qoyıw, belgili adamlar atın beriw yamasa jaqsı tilek bildirgen atlar tańlaw dástúrge aynalǵan. At arqalı ata-ananıń balasına degen úmiti, ármanı hám tilegi sáwlelengen. Xalıq túsiniginde adam atına layıq bolıp ósiwi kerek dep esaplanǵan [2, 95-98].

Besikke salıw dástúri qaraqalpaq xalqınıń bala tárbiyasında ózine tán orın iyeleydi. Besik balanıń tınısh uyıqlawına, tazalıqtı saqlawǵa hám onı qáwipsiz baǵıwǵa qolaylı bolǵan. Besikke salıw dástúrin kóp bala tárbiyalaǵan, baxtlı ana orınlaǵan. Dástúr waqtında jaqsı tilekler aytılıp, balaǵa baxıtlı ómir tilengen. Besik jırları arqalı ana balasına degen muxabbatın bildirgen. Bul jırlar balanıń sezim dúnyasınıń qáliplesiwinde de úlken orın tutqan.

Bala qırq kúnge tolǵannan keyin qırqınan shıǵarıw dástúri ótkerilgen. Bul úrp-ádet bala salamatlıǵın qorǵaw menen baylanıslı qáliplesken. Dástúr waqtında bala shomıldırılıp, jaqsı tilekler aytılǵan. Xalıq túsiniginde qırq kúnge shekem balaǵa ayrıqsha ǵamxorlıq kerek dep qaralǵan. Bunday ǵamxorlıq bala salamatlıǵın saqlawǵa hám onıń durıs ósiwine járdem bergen [5, 10].

Tusaw kesiw dástúri qaraqalpaq xalqınıń eń keń tarqalǵan úrp-ádetleriniń biri bolıp tabıladı. Bala algashqı ret ózi júre baslaǵanda ayaǵına baylanǵan jip arnawlı dástúr menen kesilgen. Bul dástúr bala ómirde tosqınlıqsız, haq jol menen júrsin degen tilekti bildiredi. Tusawdı miynetsúygish, ádil, húrmetli adamǵa kestiriwge háreket etilgen. Sebebi bala sol adamnıń jaqsı qásiyetlerin ózine sińiredi degen túsinik bolǵan.

Qaraqalpaq shańaraqlarında bala tárbiyası miynet penen tıǵız baylanıslı bolǵan. Balalar jasınan miynet etiwge úyretilgen. Ul balalar ákelerine járdem berip, mal sharwashılıǵı, diyxanshılıq hám qol kúshi talap etetuǵın jumıslardı úyrengen. Qız balalar analarınan úy jumısların, qol ónerin, as tayarlawdı hám qonaq kútiw dástúrlerin úyrengen. Bul arqalı balalarda juwapkershilik, tártiplilik, miynetsúyiwshilik hám turaqlılıq qáliplesken [4, 176-180].

Qaraqalpaq xalqı bala tárbiyasında úlkenlerdi húrmetlewge ayrıqsha itibar bergen. Bala jasınan sálem beriwge, úlkenniń sózin bólmey tıńlawǵa, orın beriwge, kishi menen ullınıń arasın ajırata biliwge úyretilgen. Bul qásiyetler shańaraqta ata-ana, apa menen atanıń úlgisi arqalı qáliplesken. Tárbiya eń aldı menen úlgi kórsetiw arqalı beriledi degen qaǵıyda xalq pedagogikasınıń tiykarǵı qaǵıydalarınıń biri bolǵan.

Awızeki xalıq dóretpeleri bala tárbiyasında ózine tán mektep wazıypasın atqarǵan. Ertekler, naqıl-maqallar, jumbaqlar hám dástanlar arqalı balalar jaqsılıq penen jamanlıqtıń ayırmashılıǵın túsingen. Mısalı, «Miynet túbi ráhát», «Atańa ne qılsań, aldıńa sol keler» sıyaqlı naqıllar balalarda ádep, eńbeksewlik hám adamgershilik qásiyetlerin qáliplestirgen. Ertek qaharmanlarınıń obrazları arqalı balalar batırlıqqa hám doslıqqa úyretilgen [3, 65-66].

Qaraqalpaq xalqınıń bala tárbiyasında apa menen atanıń ornı ayrıqsha bolǵan. Olar aqlıqlarına xalıqtıń tariyxın, dástúrlerin, úrp-ádetlerin hám turmıs tájiriybesin úyretiwde baslı tárbiyashı wazıypasın atqarǵan. Urpaqlar arasındaǵı bunday baylanıs milliy qádiriyatlardıń saqlanıwına hám jas áwladqa jetiwine múmkinshilik bergen.

Házirgi dáwirde ilim hám texnologiya tez rawajlanıp atırǵan bolsa da, qaraqalpaq xalqınıń bala tárbiyasına baylanıslı úrp-ádetleri óz qımbatın joǵaltqan joq. Kóp shańaraqlar besikke salıw, qırqınan shıǵarıw, tusaw kesiw hám at qoyıw sıyaqlı dástúrlerdi búgingi kúnde de dawam ettirip kelmekte. Bul dástúrler jas áwladtı milliy ózligin qádirlewge, ata-baba miyrasına húrmet penen qarawǵa hám ruwxıy jaqtan bay bolıp qáliplesiwge járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaqlarda bala tárbiyasına baylanıslı úrp-ádetler xalqımızdıń kóp ásirlik etnopedagogikalıq tájiriybesiniń qımbatlı bólegi bolıp tabıladı. Bul úrp-ádetler balanıń dene, aqıl hám ruwxıy rawajlanıwına qaratılǵan. Olar jas áwladta adamgershilik, miynetsúyiwshilik, kishipeyillik, úlkenlerdi húrmetlew, watan súyiwshilik hám milliy qádiriyatlarǵa sadıqlıq sıyaqlı qásiyetlerdi qáliplestiredi. Sonlıqtan bul miyrastı saqlaw, ilimiy jaqtan izertlew hám keleshek áwladqa jetkiziw búgingi jámiyettiń eń áhmiyetli wazıypalarınıń biri bolıp esaplanadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Mavlanovna, X. A. (2026). QORAQALPOQLAR ETNO-MADANIYATI: TARIXIY SHAKLLANISHI VA MADANIY MEROSI. PEDAGOGS INTERNATIONAL RESEARCH JOURNAL, 98(1), 189-194.
2. Ozodbek, Y. (2025). O ‘ZBEK VA QOZOQ XALQI URF-ODATLARINING SOLISHTIRMA TAHLILI. Modern education and development, 37(1), 95-98.
3. QARAQALPAQ BALALAR ÁDEBIYATINDAǴI TÁRBIYALIQ MOTIVLER. (2025). Молодые ученые, 3(29), 65-66. https://doi.org/10.71337/inlibrary.uz.yosc.134944
4. ÚRP-ÁDET DÁSTÚRLERDIŃ JASLAR TÁRBIYASÍNDA TUTQAN ORNÍ. (2024). Международный журнал теории новейших научных исследований, 2(9), 176-180. https://doi.org/10.71337/inlibrary.uz.ijrs.59752
5. Изимбетов Т. Дәстүрлер, үрп-әдетлер ҳәм турмыс - Нөкис: Билим, 1995 - Б.10